



Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 4 Ane

“Jeyometri 2-D, Ang, Sifas ak Perimèt”


Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon inite etid nan matematik ki rele Jeyometri 2-D, Ang, Sifas ak Perimèt. Pandan inite etid sa, elèv pral rezoud pwoblèm sou perimèt (distans ki genyen toutotou yon objè) ak sifas (mezi a de-dimansyon sou gwose yon sifas). Yo envestige karakteristik kadrilateral ak poligòn. Yo estime dimansyon ang epi jwenn mezi aktyèl ang kote yo itilize rapòtè. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp sou travay elèv la ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.


Objektif Enstriktif: Itilize fòmil pou rezoud pwoblèm nan mond reyèl la ak pwoblèm matematik ki gen rapò ak sifas, e perimèt yon rektang.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Ki sifas pisin ki anba?</p> 	 <div data-bbox="841 688 1549 1066" style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin-left: 20px;"> <p>“Mwen konnen ke fòmil pou sifas se: $a = l \times w$. Piske mwen pa konnen kisa 8×16 ye, mwen kapab separe 16 nan 10 ak 6. Ebyen $10 \times 8 = 80$ ak $6 \times 8 = 48$. Answit mwen adisyone $80 + 48 = 128$. Ebyen sifas pisin nan se</p> </div>

Objektif Enstriktif: trase epi idantifye pwopriyete figi 2-D epi eseye klasifye figi 2-D pa pwopriyete yo, enkli simetri.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Chwazi figi ki poligòn yo.</p>	 <div data-bbox="885 1722 1534 1942" style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin-left: 20px;"> <p>“Mwen konnen yon poligòn se yon figi pla ki gen omwen twa kote dwat.”</p> </div>

Objektif Enstriktif: Konprann konsèp ang, eseye mezire; itilize rapòtè, epi eseye itilize adisyon ak soustrasyon pou rezoud pwoblèm nan mond reyèl la ak pwoblèm matematik ki sou ang.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Ki mezi Ang A a?</p>	

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Estime, answit chwazi zouti apwopriye pou ede w rezoud pwoblèm, epi eseye verifye rezilta pou detekte erè.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

Ki Longè li? chèche opòtinite pou ou avèk elèv ou pou estime epi mezire longè ak distans kontèks nan lavi reyèl, itilize ni estanda Lèzetazini ak inite metrik. Ou te kapab genyen pwòp referans ou pou ede w estime. Sa w imajine lè w panse de yon santimèt? Yon mè? Yon mil (1.6 kilomèt)? Ekzanp, ou te kapab konnen ke zong nan dwat lendèks ou se anviwon yon santimèt an lajè oubyen li yon distans yon mil ak biwo lapòs la. Montre pitit ou kòman ou itilize divès zouti sou meziman nan pwòp aktivite meziman ou-lwazi tankou kouti ak chapant se bon ekzanp pou sa. Ou menm ak elèv ou kapab ale deyò pou mezire distans ki pi gwo. Konbyen mè li ye pou soti nan kòmansman rive alafen blòk la? ki distans li ye an pye ant de pye bwa yo? kisa menm distans lan te kapab ye an mè?

Konstui Poligòn: Ou menm ak elèv ou kapab itilize materyèl lakay pou kreye figi de-dimansyonèl. Ou kapab itilize kidan oswa chalimo pou sèvi kòm kote poligòn nan, ak ti gimov, ajil, oubyen (sirèt) jelly beans kòm bouk pou vètèks. Konbyen diferan jan de triyang? Ki kote diferan yon triyang ou kapab kontui?.



Matematik ak Literati: Men kèk sijasyon sou liv timoun ak ide ki gen rapò ak matematik sou jeyometri ak meziman. Chèche liv sayo nan bibliyotèk lokal ou.

- [Shape Up!: Fun with Triangles and Other Polygons](#) pa David Adler
- [Spaghetti and Meatballs for All! A Mathematical Story](#) pa Marilyn Burns
- [The Greedy Triangle](#) pa Marilyn Burns
- [A Cloak for the Dreamer](#) pa Aileen Friedman
- [Grandfather Tang's Story: A Tale Told with Tangrams](#) pa Ann Tompert